



STATE OF NEW YORK | EXECUTIVE CHAMBER

ANDREW M. CUOMO | GOVERNOR

Pou Piblikasyon Imedya: 24 mas 2014

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE 21 NOMINASYON POU REJIS NASYONAL PLAS ISTORIK ETA

Gouvènè Cuomo jodia te anonse Komisyon Konsèy Eta New York pou Prezèvasyon Istorik te rekòmande 21 pwopriyete adisyonèl, resous ak distri yo nan Eta ak rejis nasyonal plas istorik yo

“Prezève sit istorik sa yo ede pwomote touris, youn nan endistri kap grandi pi vit nan New York, espesyalman nan Nò peyi a,” Gouvènè Cuomo te deklare. “Sit sa yo reprezante pati notab nan istwa New York e mwen ankouraje vwayajè yo pou vizite yo ak aprann sou gwo istwa eta nou an.”

“Nominasyon sa yo nan Eta ak nan Rejis nasyonal Plas Istorik yo pral bati yon dosye prezèvasyon istorik solid eta New York,” te deklare Rose Harvesy, Komisyonè Biwo Pak ak Rekreyasyon ak Prezèvasyon Istorik. “Ajoute sa yo nan rejis nasyonal plas istorik nasyonal eta a se yon premye etap nan prezèvasyon alontèm ak selebrasyon yo.”

Lis rejis nasyonal ak eta kapab ede mèt pwopriyete yo nan modènize bilding yo, fè yo elijib pou plizyè pwogram prezèvasyon piblik ak sèvis tankou mache sibvansyon eta ak eta ak kredi taks pou reyabilitasyon istorik. Estimile pa kredi taks reyabilitasyon istorik komèsyal federal ak eta te administre pa Biwo Prezèvasyon Istorik Eta, devlopè yo te investi \$1 bilyon dola nan tout eta nan 2013 pou renove pwopriyete yo ki te liste nan rejis nasyonal plas istorik yo, pandan mèt pwopriyete yo ap itilize kredi taks pou reyabilitasyon istorik yo te investi plis pase \$14.3 milyon dola nan tout eta nan amelyorasyon kay pou ede renove katye istorik yo.

Rejis nasyonal ak eta se lis ofisyèl bilding, estrikti, distri, peyizaj, objè sit enpòtan nan istwa, achitekti, akeyoloji ak kilti Eta New York ak nan peyi a. Gen plis pase 90,000 bilding istorik, estrikti ak sit toupatou nan eta ki liste nan rejis nasyonal plas istorik, endividyèlman oswa tankou konpozan nan distri istorik yo. Mèt pwopriyete, minisipalite ak òganizasyon nan kominote yo toupatou nan eta te pwomote nominasyon yo.

Yon fwa rekòmandasyon an te apwouve pa ofisyè prezèvasyon istorik eta, pwopriyete yo te liste nan Plas Istorik Rejis Eta New York apres a nomen nan rejis nasyonal plas istorik, kote yo te revize e, yon fwa apwouve, te antre nan rejis nasyonal la.

Haitian Creole

REKÓMANDASYON KOMITE KONSÈY ETA:

Konte Albany

First Congregational Church nan Albany, Albany – te konstwi ant 1917 ak 1918 apre anpil manm nan kongregasyon an te demenaj anba lavil nan katye Woodlawn, legliz la te yon karakteristik enpòtan nan Albany, toulède antan ke pwen referans achitekti e antanke yon plas rasanbleman pou kominote a.

Konte Cayuga

Frank ak Eliza Tryon House, Weedsport – yon kay nan modèl Italyen te bati nan ane 1887 pa yon koup enpòtan nan lavi sivik ak komèsyal Weedsport nan tounan 20^{vèm} syèk la, tankou li te devlope nan yon vil komèsyal pwospè akòz de distans li avèk Kanal Erie ak plizyè chemendefè.

Konte Chenango

Fèm famiyal Loomis, Vwazinaj Oxford– fèm la, te etabli nan ane 1801, enkli yon kay fèm an wòch nan 1832 ki byen fabrike, yon gwo fèm nan fen 19^{vèm} syèk / kòmansman 20^{vèm} syèk ak etab letye, ak lòt ti enstalasyon fèm.

Konte Columbia

Kay ak Fèm Burroughs-Foland, Livingston– yon egzanp ra nan achitekti modèl misyon Panyòl nan yon anviwonman riral, kay la ak kay pou chari chwal la te bati nan ane 1908 kòm kay kanpay biznisman retirete Russell Foland.

Konte Dutchess

Bangall Post Office, Bangall –te konstwi nan ane 1915 pa moun ki anchaj lapòs la nan yon anplasman santral ki konvenyan pou liy tren, bildng komèsyal ki te itilize pou plizyè fonksyon te gen ladan yon magazen, bibliyotèk ak Sosyete Istorik Stanford– men fonksyon prensipal la kontinye pou l yon biwo lapòs.

Konte Erie

Faktori Sirèt Sibley & Holmwood ak Katye Jeneral Witkop & Holmes, Buffalo – lokalize youn bò kote lòt nan anba lavil Buffalo, bilding 1896 Sibley & Holmwood bilding ak bilding 1901 Witkop & Holmes yo pa lye nan istwa komèsyal yo, men yo te siviv nan yon pati anba lavil la kote pifò nan fabrik bilding istorik yo te pèdi pandan mitan syèk la.

Konpayi Siyal Taylor/ Konpayi Siyal Jeneral Railway Buffalo – izin ankadreman beton ki byen prezève ki date nan ane 1902 te gen siksè nan kòmansman mas pwodiksyon siyal elektrik tren.

Konte Fulton

Distri Istorik Northville, Northville – nwayo entak rezidanyèl ak komèsyal bouk la, ki date de 1819 a 1933, refleto kijan Northville te kòmans grandi nan ane 1830 yo kòm yon rezilta nan endistri ebèjeman ak pi rapidman apre achèyman wout tren nan 1874, sa ki te pèmèt toulède endistri lokal ak touris pwospere.

Haitian Creole

Konte Kings

Distri Istorik Kanal Gowanus, Brooklyn– koleksyon etablisman manifakti ak resous asosye ki adjasan a Canal Gowanus reprezante devlopman transpò pa vwa dlo nan katye sid Brooklyn te kòmanse nan mitan 19^{yèm} syèk.

Konte Lewis

Simetyè Collinsville, Lwès Turin – te etabli nan ane 1810, touswit apre premye kolon New England yo te rive ozanviwon Lyons Falls pou pran avantaj nan enèji dlo nan rivyè black, premye dosye antèman nan simityè a te anrejistre lavi fanmi yo ki te etabli nan rejyon an e ki te enpòtan nan kòmasman istwa li.

Konte New York

Batiman nan 116 John Street, New York – te fini nan ane 1931, imèb biwo Art Deco te deziyen espesyalman pou konpayi asirans yo nan kè distri asirans se youn nan gwoup final gwo bilding yo ki te fèt nan vil la apre pwosperite bilding yo nan ane 1920 yo ak anvan modènizasyon antrepriz yo vini konsepsyon ki etabli nan eksplwozyon gwo bilding yo nan peryòd apre lagè a.

Sinagòg Ansche Chesed, New York – te bati nan Harlem nan ane 1908-1909 pou yon kongregasyon Jwif Alman, e ki konen jodia tankou Legliz Batis Mount Neboh, li te sèvi Pòtoriken Jwif nan Harlem, ak kominote Afriken-Ameriken yo e se sèl kay adorasyon ki siviv paske li te sèvi twa pi gwo kwayans relijye nan vil la: Jwif, Katolik, ak Pwotestan.

Lwès 114^{yèm} Ri Distri Istorik New York – 36 bilding rezidansyèl te bati nan sèt gwoup ant ane 1895 ak 1899 pou atire rezidan klas mwayèn yo ki prè pou yo fè ale vini sou nouvo tren ki wo yo, premyèman atire fanmi kay blan yo nan plizyè etnisite e, kòmanse nan fen ane 1920 yo, fanmi Afriken Ameriken yo ki fè Harlem youn nan katye ki pi enpòtan pou kominote nwa yo nan vil New York.

Konte Rensselaer

Legliz Episkopal Metodis Tomhannock, Pittstown –1845 Modèl retablisman Grèk Legliz nan style riral kenbe anpil nan fòm ak estrikti l apati de peryòd orijinal konstriksyon l.

Konte Queens

Sinagòg Agudas Achim, Queens – te konstwi nan ane 1924-1925 modèl sinagòg klasik la te bati pou sèvi kominote kolèj jwif kòm li tap grandi apre premye gè mondyal la; kòm New York Dong Won Presbyterian Church, li te jwe yon wòl nan lavi relijye ak sosyal kongregasyon Koreyen Ameriken depi 2005.

Konte Ulster

Amos Brown House, Plattekill –kay la te bati nan ane 1800 avèk yon nouvo sistèm ankadreman Olandè; chanjman yo ki te fèt nan ane 1835 nan modèl retablisman Grèk te montre dezi pwopriyete yo nan peryòd sa pou modènize nan yon fason ki konsistan avèk tandans achitekti ki tap domine a.

Konte Warren

Woodward Hall, Lake Luzerne – bati nan ane 1931-1932 kòm kay Kont Woodward, ki te re-envante touris Adirondack nan rejyon Lake George nan ane 1920 yo, te entwodui style vakans oksidantal nan Ranch Northwoods Dude li a. Yo te adopte modèl ranch dude la rapidman e li te vini karakteristik prensipal peyizaj touris lokal nan yon dizèn ane.

Konte Washington

Farmer's National Bank & W.H. Biwo Hughes Slate Company, Granville – jodia Otèl de Vil Granville, bilding plizyè itilizasyon komèsyal te bati nan ane 1891 ki reflekte devlopman Granville nan yon sant komèsyal rejyonal nan tounan 20^{yèm} syèk la, kote endistri ekstraksyon adwaz la te stimile kwasans lokal.

The Martin-Fitch House ak Asa Fitch Jr. Laboratwa, Salem – pwopriyete a gen ladan kay Martin-Fitch ki te bati nan ane 1787 ak yon ti laboratwa pou okipan ki pi selèb nan kay la, te note antomolojis ak istoryen, Asa Fitch, Jr., ki te premye antemolojis ofisyèl Eta New York.

Konte Westchester

Manor Club, Pelham Manor – bati nan ane 1921-1922 pou loje yon klüb sosyal literè ak filantwopik pou fanm, bilding modèl retablisman Tudor la te vini yon sant sosyal ak kiltirèl pou tout kominote a ak bay fanm yo opòtinite lidèchip ak edikasyon.

Legliz Presbiteryan Simityè, nan Sid Salem–lakou pou antere a gen ladan 373 tonm, sa ki pi ansyen an te anrejistre tankou nan ane 1739, te gen ladan de veteran nan lagè Fransè & Endyen, 26 veteran lokal nan Revolisyon Amerkien, ak de veteran nan Lagè 1812.

Nominasyon sa yo, ansanm avèk plizyè dizèn milye bilding nan rejis nasyonal ak eta, souliye enpòtans, pwofon ak divèsite nan istwa New York. Selebre ak pwomote byen istorik New York se egalman yon devlopman motè ekonomik enpòtan pou eta. Gouvènè a te demontre angajman l pou mete anvalè istwa rich New York ak enpòtans kiltirèl nan lanse inisyativ chemen Eta atravè istwa. Inisyativ Path Through History itilize 13 tèm pou òganize 500+ eritaj atraksyon atravè eta sa ki gen ladan gwo rezo mize New York, sit istorik ak lòt enstitisyon kiltirèl yo. Vizitè yo ka jwenn sit yo lè yo chèche siy Path Through History sou gwo otowout eta ansanm avèk nan pano lokal yo ajoute yo, ak sou entènèt nan paththroughhistory.ny.gov.

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418